

# Èske ptit ou pare pou ale nan gadri oswa lekòl ?

Ane lekòl 2018-2019

## Jwenn enfòmasyon konsènan vaksen obligatwa nan Vil Nouyòk

Tout elèv ki gen laj 2 mwa jiska 18 lane nan Vil Nouyòk dwe pran vaksen sa yo pou ale nan gadri oswa lekòl. Gade ki vaksen ptit ou a bezwen dapre nivo klas li ane lekòl sa a.

VAKSEN	Pre-Kindergarten (Gadri, Head Start, Nursery, 3K oSWA Pre-k)	Kindergarten – klas 4 <sup>yèm</sup> ane	Klas 5 <sup>yèm</sup> ane	Klas 6 <sup>yèm</sup> - 10 <sup>yèm</sup> ane	Klas 11 <sup>yèm</sup> - 12 <sup>yèm</sup> ane
Difteri, Tetanòs ak Koklich (DTaP)(Diphtheria, tetanus and pertussis (DTaP))	4 dòz		5 dòz  oswa 4 dòz SÈLMAN si yo te pran katriyèm dòz la lè yo te gen laj 4 lane pou pi piti. oswa 3 dòz SÈLMAN si timoun lan gen laj 7 lane pou pi piti epi li te kòmanse seri vaksen yo nan laj 1 lane pou pi piti		3 dòz
Dòz rapèl pou Koklich Tetanòs, Difteri ak (Tdap)				1 dòz( nan laj 11 lane oswa apre)	
Polyo (IPV/OPV)	3 dòz		4 dòz  oswa 3 dòz SÈLMAN si yo te pran twazyèm dòz la lè yo te gen laj 4 lane pou pi piti.	3 dòz	4 dòz  oswa 3 dòz SÈLMAN si yo te pran twazyèm dòz la lè yo te gen laj 4 lane pou pi piti.
Lawoujòl, Malmouton ak Saranpyon (MMR)	1 dòz			2 dòz	
Epatit B	3 dòz			3 dòz	
Varisèl (chickenpox)	1 dòz		2 dòz	1 dòz	1 dòz
Meningococcal conjugate (MenACWY)				Klas 7 <sup>yèm</sup> , 8 <sup>yèm</sup> ak 9 <sup>yèm</sup> ane: 1 dòz	Klas 12 <sup>yèm</sup> grade : 2 dòz oswa 1 dòz SÈLMAN si yo te pran premye dòz la lè yo te gen laj 16 lane pou pi piti.
Haemophilus influenzae type B conjugate (Hib)	1 a 4 dòz  Sa depann de laj timoun lan ak dòz vaksen li te pran avan				
Pneumococcal conjugate (PCV)	1 a 4 dòz  Sa depann de laj timoun lan ak dòz vaksen li te pran avan.				
Grip	1 dòz				

Kantite dòz vaksen ptit ou bezwen ka varye dapre laj li ak dòz vaksen li te pran avan. Ptit ou a ka bezwen plis vaksen oswa plis dòz vaksen si li gen kèk pwoblèm medikal. Pale avèk doktè w si w gen kesyon. Pou plis ransèyman, telefone 311 oswa ale sou [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) epi chèche **vaksen pou elèv (student vaccines)**.